



Pou Piblikasyon Imedya: 26/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRI POU DEVLOPMAN EKONOMIK POU SIPÒTE
PLIS PASE 3,700 DJÒB AK
INVESTISMAN KAPITAL ENPÒTAN**

Eta a ap fè sant enèji pwòp pou idwojèn rejyonal la avanse atravè alokasyon pou idwoelektrisite pou de antrepriz nan sektè idwojèn vèt la

Pri devlopman ekonomik yo kreye 177 djòb nan Lwès New York ak 90 djòb nan North Country

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Konsèy Administrasyon Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) te apwouve pri pou devlopman ekonomik pou 23 konpayi k ap sipòte plis pase 3,700 djòb—plis pase 1,000 ki fèk kreye—epi favorize investisman kapital ki enpòtan. Yo te bay alokasyon pou elektrisite bon mache atravè [pwogram](#) ReCharge NY nan tout eta a bay 19 aplikan, alòske rès kat ki rete yo se antrepriz k ap benefisye de ankourajman pou devlopman ekonomik rejyonal nan North Country ak Lwès New York.

"Pri pou devlopman ekonomik ki soti nan Otorite Enèji New York yo enpòtan anpil pou vitalite ekonomi enèji pwòp k ap grandi New York la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk plis pase 1,000 nouvo djòb pou mendèv kalifye New York la ak plis pase 8 milya dola nan investisman kapital prive, pri Recharge NY MYPA a ap ede solidifye estati New York kòm yon destinasyon prensipal pou sektè ki pi pwomèt nan peyi a."

"Anons jodi a se yon etap enpòtan pou bay elektrisite bon mache pou Nouyòkè yo pandan n ap kreye 3,700 nouvo djòb pou Nouyòkè yo alafwa," **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Yo rann nouvo investisman sa yo disponib atravè pwogram Recharge NY la ak lòt inisyativ devlopman ekonomik k ap favorize kwasans ekonomik ki enpòtan atravè eta a."

Pri ReCharge NY

Alokasyon plis pase 33 megawat (MW) enèji bon mache yo apwouve nan kad pwogram ReCharge NY la pral jwenn 19 konpayi nan Distri Kapital la, Southern Tier, Lwès New York, Santral New York, Mid-Hudson, Vil New York, ak Long Island. Pri yo sipòte dirèkteman apeprè 3,500 djòb—787 ki fèk kreye—ak plis pase 7.5 milya dola investisman kapital.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare, "ReCharge NY se yon gwo motè ki sipòte misyon devlopman ekonomik New York. Pwogram elektrisite bon mache a ap estimile investisman a gran echèl ak ogmantasyon travay nan kominote atravè eta a. 7.5 milya dola nan investisman prive konsèy NYPA a te apwouve jodi a ap ede transfòme peyizaj ekonomik New York nan fason ki pozitif."

Kèk alokasyon siplemantè ki te apwouve pa konsèy NYPA a atravè ReCharge NY la genyen ladan l pri pou Barnard College nan Vil New York, Cayuga Milk Ingredients nan Konte Cayuga ak Databank Holdings nan Konte Rockland.

Yon lis konplè alokasyon enèji ReCharge NY yo ak atribisyon pou devlopman ekonomik yo disponib [isit la](#).

ReCharge NY te ranfòse ekonomi Eta New York la nan ankouraje konpayi yo pou konsève ak kreye anplwa, pandan l ap sisite investisman kapital nan tout eta a. ReCharge NY ofri kontra enèji pou jiska sèt ane. Mwatye nan enèji a—455 megawatt (MW)— soti nan santral idwo-elektrik Niagara ak St Lawrence-Franklin D. Roosevelt NYPA yo. Rè 455 MW la se kouran elektrik pi bon mache NYPA te achte sou mache an gwo a.

Pri Nò New York

Nan rankont jodi a, konsèy NYPA a te apwouve 94 MW idwoelektrisite bon mache nan St. Lawrence bay Air Products— yon konpayi gaz endistriyèl mondyal ki baze an Amerik k ap opere pandan plis pase 80 lane ki sèvi yon gran kantite endistri ki genyen ladan yo swen sante, teknoloji ak enèji pwòp—pou pwojè investisman enpòtan li yo ak kreyasyon 90 djòb nan Massena. Pwojè a sipòte objektif New York pou vin tounen yon Sant Enèji Pwòp Idwojèn Rejyonal, jan Gouvènè Kathy Hochul [te anonse](#) nan mwa mas. Anbasyon sant idwojèn New York la sipòte dirèkteman objektif Lidèchip Klima eta a ak Lwa sou Pwoteksyon Klimatik la (Lwa sou Klima a).

Vis Prezidan Otorite Enèji New York la ak yon Rezidan nan Massena Eugene L. Nicandri te deklare, "Alokasyon ki soti nan Pwojè Enèji St. Lawrence atire investisman kominote gran echèl epi livre djòb ki byen peye nan North Country. Pou sipòte ekspansyon Air Products, NYPA ap favorize objektif klimatik agresif New York epi ede fè vizyon eta a avanse pou tounen yon sant idwojèn rejyonal."

Konsèvasyon Kouran an konpoze de 490 megawat idwoelektrisite nan pri konpetitif ki pwodui nan Pwojè Elektrisite Franklin D. Roosevelt, St. Lawrence lan ki ka atribye pou biznis ki kalifye yo ki sitiye nan konte Franklin, Jefferson ak St. Lawrence Eta New York.

Anplis, konsèy NYPA a te apwouve 16 MW kouran Faktè Chak Elve ke NYPA ap bay pou Air Products sou mache enèji a.

Yo te konsidere aplikasyon Air Products dapre kritè evalyasyon djòb ekolojik Otorite Enèji a, ki te apwouve pa konsèy la an desanm 2020, pou pèmèt NYPA konsidere enpak travay ekolojik nan Eta New York lè l ap evalye aplikasyon pou enèji devlopman ekonomik yo.

Pri Lwès New York

Konsèy NYPA a te apwouve tou pri pou devlopman ekonomik pou twa konpayi k ap benefisye alokasyon idwoenèji bon mache ki soti nan Pwojè Elektrik Niagara a.

Prezidan Otorite Enèji New York Power ak Rezidan Buffalo John R. Koemel te deklare, "Idwoelektrisite ki soti nan pwojè Enèji Niagara a te estimile plizyè milya dola investisman kapital epi sipòte plizyè dizèn milye djòb nan Lwès New York. Alokasyon idwoelektrisite bon mache ki te apwouve nan rankont jodi a sipòte antrepriz ki bay sèvis ki enpòtan epi ranfòse ekonomi enèji pwòp k ap devlope nan Lwès New York la."

Konsèy Administrasyon NYPA a te apwouve jyon alokasyon pou plis pase 1.5 MW idwoelektrisite bon mache pou Jamestown dapre pwogram Devlopman Ekonomik Endistriyèl Otorite Enèji a.

Electrovaya, yon devlopè ak fabrikan batri an lityòm-ion pòtab, ap planifye yon ekspansyon 135,000 pye kare nan Jamestown pou opere fabrikasyon selil lityòm-ion ak ekipman asanblaj modil batri a. Alokasyon pou idwoelektrisite ki te apwouve nan rankont konsèy jodi a ap sipòte ekspansyon sa, k ap favorize apeprè 40 milyon dola investisman kapital epi kreye 100 djòb ekolojik nan rejyon an.

Pwogram Devlopman Ekonomik Endistriyèl la konpoze ak 54 MW nan plis pase 768 MW idwoelektrisite ki te atribye pou 51 sistèm kowoperatif minisipal ak riral atravè Eta New York la. Yo ka atribye pri pou enèji nan pwogram sa bay sistèm minisipal endividyèl pou reponn ak chaj elektrik ki ogmante ki soti nan nouvo biznis oswa biznis k ap devlope ki kalifye nan zòn sèvis yo a.

Yo te bay Linde, yon konpayi gaz ak enjenyeri ki gen yon etablisman pwodiksyon idwojèn pwòp nan Niagara Falls, yon alokasyon pou idwoelektrisite 22 MW pou yon pwojè ekspansyon 75 milyon dola pou fè avanse pi plis pwodiksyon idwojèn pwòp antrepriz la. Pwojè a ap kreye 11 nouvo pozisyon a tan plen, pèmanan pandan l ap konsève 81 djòb ki egziste deja. Yo te konsidere aplikasyon Linde a tou dapre kritè evalyasyon travay ekolojik Otorite Enèji a epi ki sipòte objektif Lwa Klima New York la. Ekspansyon Linde a favorize tou anbasyon Sant Enèji Pwòp Idwojèn Rejyonal Eta New York la. Linde se yon kolaboratè tou nan pwojè demonstrasyon idwojèn pwòp NYPA a nan ti izin enèji pwòp li a nan Brentwood nan Long Island. Pwojè a ap evalye aktyèlman epi y ap rapòte rezilta yo nan sezon prentan sa.

Yo te apwouve Niacet, yon pwodiktè lokal konsèvatè pwopyonat ak asetat sèl, pou yon alokasyon 5.1 MW idwoelektrisite nan etablisman li a nan Niagara Falls k ap devlope pwodiksyon ester monogliserid asid dyasetrik tatrik Pwojè a t ap ogmante pwodiksyon

emilsifyan, ke yo itilize nan patisri pou ranfòse rezo gliten lan nan pat la. Pwoudui Niacet yo sèvi nan sektè famasetik, alimantè, aliman, ak teknik, ki konble bezwen vital kotidyen epi sipòte inibisyon faktè patojèn, fòmilasyon antibyotik, ak sisptèm konsèvasyon pou vyann ak pwoudui alimantè abaz plant yo.

Pwojè a ap kreye 62 djòb epi sipòte plis pase 61 milyon dola depans kapital. Yo te konsidere aplikasyon antrepriz la dapre kritè Divèsite, Ekite, ak Enklizyon (Diversity, Equity, and Inclusion, DEI) ki elaji ke konsèy NYPA a [te apwouve](#) nan rankont li a an desanm 2021. Sit pwojè konpayi an reponn ak kritè kalifikasyon yo akòz plas li nan yon kominote ki defavorize nan Eta New York.

Kouran idwolik bon mache Niagara a disponib pou konpayi yo ki nan yon reyon 48 kilomèt de Pwojè Kouran Niagara Otorite Enèji a oswa biznis yo ki nan Konte Chautauqua. Kouran idwolik Niagara a lye ak plizyè dizèn milye travay ki la deja nan rejyon an.

Senatè Eta a Joseph Griffo te deklare, "Pwogram Recharge NY la se yon zouti efikas ak itil pou anpil kominote ak biznis. Mwen kontan paske pwogram nan kontinye sipòte djòb ak envestisman nan Eta New York".

Senatè Eta a Robert G. Ortte te deklare, "Konte Niagara se fwaye youn nan pi gwo etablisman k ap pwoudui enèji renouvlab nan tout peyi a, epi itilizasyon enèji sa pa antrepriz lokal yo se yon enstriman pou vyablite ekonomik rejyon nou an. Lè nou alwe plis pase 27 megawat idwoelektrisite nan de biznis enpòtan nan Konte Niagara, n ap asire ke konpayi sa yo ka kontinye fonksyone nan kapasite konplè yo epi ogmante opòtinite karyè pou mendèv Konte Niagara a."

Manm Asanble Angelo Morinello te deklare, "Niagara Falls se yon sous enèji renouvlab ekstraòdinè ki bay opòtinite devlopman ekonomik pou anpil konpayi. Mèsè a Konsèy Administrasyon Otorite Enèji Eta New York la dèske li kontinye angajman li pou sipòte devlopman ekonomik atravè alokasyon pou elekrisite."

Manm Asanble Michael J. Cusick te deklare, "Anons jodi a pou nouvo faz pri ReCharge NY yo demontre angajman kontini eta nou an pou atenn objektif klima ak enèji anbisyè nou yo. Nouvo faz pri sa p ap sèlman ranfòse efò nou nan tout eta a pou fè tranzisyon nan yon rezo enèji pwòp, men y ap bay vigè tou nan rekiperasyon ekonomik nou apre pandemi COVID-19 la lè yo kreye bon travay epi bay kouran bon mache."

Majistra Massena Greg Paquin te deklare, "Konsèvasyon Kouran se yon resous ki gen anpil valè ki ka ede redevlope ekonomi ak kominote nou an. Vilaj la rekonesan anpil pou alokasyon an k ap sipòte enèji pwòp ak kreyasyon travay nan Massena."

Sipèvizè Vil Massena, Susan Bellor te deklare, "Vil Massena kontan anpil pou gwo pwojè idwojèn vèt sa k ap kreye 90 djòb pou chèf fanmi ki byen peye nan domèn enèji renouvlab k ap devlope a. Pwojè tankou sa yo, ki founi dapre angajman Otorite Enèji

New York la, ap bay pitit nou yo yon rezon pou rete nan Massena ak nan North Country apre gradyasyon yo ansanm ak yon opòtinite pou sila ki te kite yo, retounen. Nou apresye angajman kontini Otorite Enèji a dèske li chèche nouvo biznis epi fè pwomosyon benefis pou fè biznis nan North Country."

Enfòmasyon sou Plan Klimatik Eta New York ki se Lidè nan Peyi a

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekkitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmasyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmasyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite www.nypa.gov ak swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)